

Tès Depistaj Kansè Poumon: Èske Se Pou Ou?

Kisa tès depistaj kansè poumon ye?

Tès depistaj kansè poumon se yon eskanografi CT pwatrin nan ki gen yon dòz fèb pou detekte siy kansè poumon. Anpil fwa, moun ki gen premye etap kansè poumon pa gen sentòm. Objektif la se pou detekte kansè poumon an nan premye etap li yo, lè yo pi fasil pou trete ak lè yo gen yon pi gwo cans pou geri.

Kijan pou mwen ta dwe fè depistaj la?

Se sèlman pasyan ki pi arisk pou gen kansè poumon ki ta dwe fè tès depistaj la. Pale avèk pwofesyonèl swen sante prensipal ou pou detèmine si ou ta dwe fè tès depistaj la. Gen anpil faktè pou konsidere, tankou:

- Laj
- Si Ou Abitye Fimen
- Eta Sante Ou nan Moman an

Èske mwen bezwen fè nenpòt bagay anvan tès depistaj la?

Wi. Tès depistaj kansè poumon gen anpil avantaj ladan, tankou deteksyon kansè poumon bonè, men gen kèk risk posib tou. Pou kalifye pou tès depistaj la, ou dwe gen yon randevou medikal kote oumenm ak doktè ou ap pale sou risk yo ak avantaj yo pou asire tès depistaj kansè poumon bon pou ou. Ou kapab ale nan klinik pwofesyonèl swen sante prensipal ou oswa yon doktè nan BMC's Lung Nodule Clinic (Klinik Nodil Poumon BMC).

Rezilta eskanografi CT tè depistaj mwen negatif (nòmàl). Sa k ap pase answit?

Yon rezilta CT tè depistaj negatif pa vle di ou p ap gen kansè poumon pidevan, epi li pa ranplase yon pwogram pou kite fimen. Bagay ki pi enpòtan ou kapab fè pou redui risk ou pou gen kansè poumon se pa fimen oswa pa itilize okenn fòm tabak. Epitou, nan pifò k yo, nou rekòmande pou fè yon lòt eskanografi CT tè depistaj yon lòt moman nan ane a.

CT tè depistaj mwen te montre yon nodil pilmonè (poumon). Sa k ap pase answit?

Si eskanografi CT ou montre gen yon nodil pilmonè, BMC's Lung Nodule Clinic la pou ede ou. N ap travay avèk doktè swen prensipal ou pou devlope yon plan espesyalize pou ou. Erezman, pifò nodil poumon yo pa lakòz pwoblèm epi se mwens pase 5% ladan yo ki vin kansè. Men, li enpòtan pou swiv rekòmandasyon doktè ou pou kontwòl yon nodil poumon pou asire nou detekte ti kantite k ap vin kansè pandan yo kapab toujou trete.



Jwenn plis enfòmasyon depi ou rele Lung Nodule Clinic nan nimewo 617.638.7480

Lokal BMC's Lung Nodule Clinic se nan Shapiro Building, Suite 9B.